

## APLIKASYON POU ÈD FINANSYE

Chè Aplikan,

### **Pou Kalifye Pou Asistans Finansye Nan Alliance Kansè Nan Naples (CAN), Ou Dwe:**

- Nan tretman pou kansè kounye a; swa chimyoterapi oswa radyasyon oswa nan swen Hospice.
- Bay prèz rezidans nan Collier oswa Lee Counties pou yon minimòm sis mwa (Pote kopi kontra lwaye a, deklarasyon taks oswa lòt validasyon.)
- Satisfè sèten kondisyon revni finansye (Pote souch chèk, lèt SSDI, oswa lòt prèz). Remak, ou dwe bay revni tout manm fanmi k'ap viv nan menm kay avèk ou.
- Bay foto idantifikasyon (tankou yon lisans chofè oswa paspò.)
- Ranpli aplikasyon an pou Èd benefisyè.
- Fè doktè ou ranpli yon pòsyon nan Fòm verifikasyon doktè a epi faks li tounen nan biwo a.

**\*\* Lè Chimyoterapi Oswa Tretman Radyasyon Fini, CAN Pa Kapab Ba Ou Asistans Finansye Ankò. \*\*  
Sèl Eksepsyon Pou Sa, Se Si Aplikan Nan Swen Hospice.**

### **CAN EDE AK KALITE BÒDWO SA YO:**

- Peman lwaye oswa ipotèk – si non yon lòt moun, **ki pa mari oswa madanm ou**, sou kontra lwaye a, CAN ap peye mwaye oswa pòsyon pa ou; si non yon lòt moun sou ipotèk la kote ou ap viv la, CAN ap peye mwaye oswa pòsyon pa ou. Sepandan, Si revni lòt moun nan enkli nan aplikasyon asistans ou, CAN ap peye lwaye a konplè oswa ipotèk.
- CAN Kapab ede peye bòdwo elekrisite ak dlo.
- Yon sèl bòdwo telefòn – *telefòn lakay ou oswa telefòn mobil, sa depann de ou*. Si non yon lòt moun sou bòdwo telefòn lan, CAN ap peye pòsyon pa ou sèlman.
- Peman Machin, reparasyon machin ijans ak asirans pou yon machin – si machin lan nan non yon lòt moun, CAN ap peye pòsyon pa ou sèlman.
- Kat kado pou w achte manje ak gaz.

### **CAN PA PEYE KALITE BÒDWO SA YO:**

- Bòdwo medikal oswa pharmaceutique yo.
- Bòdwo kat kredi.
- Bòdwo taks.
- Bòdwo amizman (kab, entènèt, elatriye.)
- Frè kondominyòm oswa frè asosyasyon katye yo.
- Asirans kay oswa bòdwo asirans sante.

Tout bòdwo ki soumèt, CAN peye pa chèk epi yo poste dirèkteman bay mèt kay la oswa konpayi an.

Lè ou fin ranpli aplikasyon ou, rele (239) 643-4673 pou pran yon randevou.